

## Fòmasyon nesèsè sou sekirite alimantè pou nouvo anplwaye yo.

### Izin

Anvan w kòmanse travay nan pwodiksyon mango, li enpòtan pou w aprann yon seri de règ ke nou pral ba w sou sekirite alimantè, pou diminye risk kontaminasyon mango yo. Se responsablite w pou w swiv règ sa yo depi se nan mango wap travay nan izin nan. Souple, swiv imaj oubyen foto ki sou postè yo sot ba w la, epi koute byen sa fòmasyon a ap di w.

#### 1. Pwòpte kò w

Pou konsève kalite mango yo e kenbe yo pwòp ou dwe benyen chak jou, koupe zong ou epi netwaye yo.

#### 2. Rad ak afè pèsònèl ou

Lè wap vin travay mete rad pwòp sou ou. Règleman yo defann ou mete rad san manch, rad sal oubyen rad chire. PA mete ni bout pantalon, ni soulye, ni sandal zotèy deyò. Ou PA gen dwa rantre ak afè pèsònèl ou nan izin nan, ni mete yo bò kot materyèl yo. Anvan w kòmanse travay, al depoze afè pèsònèl ou kote ki la pou sa.

#### 3. Bijou

Ou pa gen dwa mete bijou sou ou nan okenn kote yap pwodwi mango nan izin nan.

#### 4. Kouvri cheve w

Lè w nan izin nan toujou kouvri cheve w ak yon bagay tankou yon kepi, yon bando oubyen yon filè.

#### 5. Manje, Bwè ak fimèn

Tout anplwaye dwe manje, bwè ak fimèn SÈLMAN kote ki la pou sa, byen lwen kote yap mete mango yo nan bwat e byen lwen materyèl yo. Fòk ou lave men w anvan w retounen travay. Règleman an defann moun krache anndan izin nan.

#### 6. Twalèt ak latrin

TOUJOU ale nan twalèt oubyen nan latrin konpayi a mete pou sa. Li entèdi pou w fè pipi oswa fè bezwen w nenpòt kote.

#### 7. Lave men w

Lave men w anvan w kòmanse travay, lè w fin pran poz epi lèw sot nan twalèt. Men 5 etap ou dwe swiv pou w byen lave men w:

**Etap 1.** Vide yon ti dlo sou men w.

**Etap 2.** Savonnen men w byen savonnen.

**Etap 3.** Frote men w ak tout ponyèt ou. Pa bliye foubi anba zong ou ak mitan dwèt ou. Wap bezwen 10 a 15 segond pou w fè sa.

**Etap 4.** Vide dlo pou w rense men w byen rense.

**Etap 5.** Sèvi ak sèvyèt an papyè pou w seche men w. Nan kèk izin yo ka mande w pou w pase dezenfektan nan men w lèw fin lave yo epi anvan w rekòmanse travay.

#### 8. Sou sante w

Depi w ta wè w genyen yonn nan siy sa yo tankou: dyare, gòj fè mal ak lafyèv, vomisman, po w ak je w kap vin jòn, ou pap kapab travay nan zòn kote yap pwodwi mango yo, ni nan zòn kote yap mete yo nan bwat.

#### 9. Blese ak san sou mango yo

Si w blese nan keyi mango, lave men w touswit epi mande sipèvizè a yon bandaj oubyen yon pansman; mete l sou blese a epi kouvri l ak yon gan pwòp. Fò w kouvri tout ti grafouyen, tout ti blese ki sou men w ak ponyèt ou. Depi yon mango sal ak san w oubyen lòt likid ki sot nan kò w voye l jete.

#### 10. Prezans bèt nan izin yo

TOUJOU avèti sipèvizè a si w wè kèk siy ki montre ke bèt yo gade nan kay oubyen bèt mawon ta va rantre nan kelkeswa kote nan izin nan. Toujou avèti l si w ta wè tras bezwen bèt ki ta ka reprezante yon sous kontaminasyon. Yo pap tolere okenn bèt ni nan izin nan, ni nan lantouraj izin nan.

#### 11. Mango ki tonbe atè

Depi yon mango tonbe atè, elimine l kareman.

#### 12. Basen dlo yo

Toujou swiv sa sipèvizè a di w pou w kapab jere dlo ak mango yo nan basen dlo yo.

#### 13. Netwaye epi dezenfekte

Netwaye epi dezenfekte tout kote epi tout materyèl jan règleman izin nan mande l la.

#### 14. Kò etranje

Si w jwenn yon moso vit nan yon mango oubyen nan panyen, nan bwat oswa kès mango yo fò w retire l, VOYE mango a JETE epi kouri al rapòte sa bay sipèvizè a. Toujou rete vijilan pou veye tout kò etranje ak lòt bagay ki ka sal mango yo. Se mango sèlman ki pou nan panyen mango.

#### 15. Vizitè

Pou yon moun rantre nan izin nan, fòk li jwenn otorizasyon direksyon an e fòk yo pran non l anvan l rantre nan lokal la. Vizitè yo tou dwe respekte tout règ pwòpte ak sekirite alimantè yo.

Mwen menm(Non anplwaye a) \_\_\_\_\_ mwen swiv fòmasyon nesèsè sou sekirite alimantè (Non izin nan) \_\_\_\_\_ bay la jou ki te(Dat la) \_\_\_\_\_ e mwen konprann sijè a. Mwen pwomèt map respekte règ sou sekirite alimantè yo tout lè map travay nan izin nan.